# Дагмара

Хьо лепа, маьлхан з1аьнарш санна,
Хьо мел ю, малх эшац дуьненна;
Ца еза бахьна дац хьо дагна,
Хьо суна ца йоьг1нехь, сан ирс дайна. 2р

Дог1ано боху, ша санна, шийла
Хьан б1аьргех оьху хиш тховса шийла.
Дагмара, хьо цхьаъ ю ойланца хьерчаш,
Дагмара, ялац хьо дагчуьра цкъа а!

Нагахь г1елделлачу хьан б1аьргех,
Со дагна вазвелла, хи даьллехь,
Тешар ву, 1енаш долу дог1а,
Хьан б1аьргех 1ийдалуш хиларх. 2р

Дог1а ду дог1уш, ша санна, шийла.
Амма дац дог1а соьга хьо хоьттуш.
Дагмара, хьо цхьаъ ю ойланца хьерчаш,
Дагмара, ялац хьо дагчуьра цкъа а!

Дагмара, хьо цхьаъ ю ойланца хьерчаш,
Дагмара, ялац хьо дагчуьра цкъа а!

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)